18+

ХЬУСАЙН ШОВХАЛОВ

# Б1АЬРГАХ ХИ ДАЛЛАЛЦ ВЕЛА ЛО

АДАМИЙН ДАХАРЕРА САМУКЪАНЕ ДИЙЦАРШ



**Хьусайн Шовхалов**

# Б1АЬРГАХ ХИ ДАЛЛАЛЦ ВЕЛА ЛО. АДАМИЙН ДАХАРЕРА САМУКЪАНЕ ДИЙЦАРШ

*http://www.litres.ru/pages/biblio_book/?art=51386544*
*ISBN 9785449833464*

## Аннотация

– Самукъане доца дийцарш.– Хаза чулацам болуш ду.– Баккхийчарна а, кегийчарна а дог1уш ду.– Кху дийцарш хьекъал а, кхетам а ло.– Кхара хьекъалан мах бовзуьйту.– Ойла я 1ама во.

# Содержание

Конец ознакомительного фрагмента. 14

# Б1АЬРГАХ ХИ ДАЛЛАЛЦ ВЕЛА ЛО АДАМИЙН ДАХАРЕРА САМУКЪАНЕ ДИЙЦАРШ


## Хьусайн Шовхалов


***ДЕШХЬАЛХЕ***


© Хьусайн Шовхалов, 2020



ISBN 978-5-4498-3346-4

Создано в интеллектуальной издательской системе Ridero


Хастам бу Далла, 1аламаш кхиош-кхобуш волчу, Ша халкъана деллачу ни1матех хьекъал динчу, адамана даха кхетам беллачу, адаман самукъадалар дика лаьрра Волчу.

Делера салават а, маршалла а хуьлда вайн Пайхамарна Мухьаммадна а, цуьнан асхьáбашна а, церан некъа т1ехь мел волчу стагана а къематдде даллалц.

Х1ара жайна [1] кечдар бахьана – иза бусалбачу нехан хьанал долчу х1уманца самукъадаккхар а, хьекъалан хам хаар а ду. Х1ара дийцарш боккъалла а адамийн дахарехь хилла ду. Х1орш дешарца адамийн мелла а самукъадаккха лиънера суна, х1унда аьлча, адамашкахь сингаттамаш дукха бу. Ткъа юкъ-кара х1ара жайна доьшуш хилча, сингаттамечу б1аьргара долучу хин метта самукъадаьлла, велаваларан хи дала мега цуьнан б1аьргех.

Кху дийцарша кхин а пайда ло вайна – иза хьекъалан хам хаар. Х1унда аьлча, х1ара дийцарш хьекъал к1езиг долчу, г1опал болчу нахера дийлина х1уманаш ду. Ткъа цара 1амаво хьо х1уманан ойла ян. Кхетам, хьекъал Делера доккха ни1мат хилар гойту.

Х1ора адам шех нах боьлу х1ума даланза дац. Иза массаьрца долуш ду. Цхьаволчуьнца к1езиг хуьлу, цхьаволчуьнца дукха хуьлу. Ткъа иза хьехадар, дийцар, царех кхардар дац, мелхо а самукъадаккхар, ойла яр, кхетамехь са валар ду, бусалбачу динна дезаш х1ума ду.

Дала самукъадоккхийла хьан!

Шовхалов Хьусайн
(Сайд-Селиман к1ант Хьусайн)
Электронный адрес: adab31@mail.ru

[1] – Х1ара дийцарш Имам Ибн Жавзий «Ахба́рул хьамкъо вал муг1оффилийн» жайни т1ера схьаэцна ду, цхьадерш д1аадохуш, цхьадерш сайгара т1е а тухуш.

Инстаграм: chitai_eto_polezno

9 июнь 2019 ш.

**САМУКЪАНЕ ДИЙЦАРШ**

1.Цхьана стага кочахь т1ийригна т1е тесна лелош даь1ахк хилла.

Цуьнга хаьттинера:

– И х1унда лелайо ахь?

Цу стага аьлла:

– Со вайча нахана со каравайта лелайо ас иза.

Т1аккха цхьана буса иза вижина волуш, наха цуьнан кочара схьа а

яьккхина, цуьнан вешин коча тесна хилла иза. Самаваьлча шен кочахь

хилларг шен вешин кочахь гича цо элира шен вешига:

– Х1ай, сан ваша! Хьо со ву, ткъа со мила ву? – аьлла.

2. Цхьана стаге хаьттина:

– Хьайн вирана ц1е х1у тиллина ахь? – аьлла.

Т1аккха цу стага шен вирана т1е а вахана, цуьнан цхьа б1аьрг а баьккхина

элира:

– Цхьа б1аьрг берг аьлла ас цунах.

3. Цхьана стага хаьттина шен к1анте:

– Вай рузбанан ламаз муьлхачу дийнахь дира?

К1анта ойла йина жоп делира:

– Шинара [2] дийнахь.

4. Цхьана стаге аьлла:

– Ибн 1умарх лаций дийца тхуна.

Цу стага аьлла:

– Из вара мекх д1адошуш пхьаьрсан к1елонаш гучуйовллалц.

5. Цхьаммо аьлла цхьана стаге:

– Шун чохь мохь хьоккхуш ма хезира суна.

Стага жоп делла:

– Сан коч яра иза лакхара чуйоьжна.

– Ткъа коч лакхара чуйоьжча мохь хьаккхар хуьлу ванах? – хаьттина вукхо.

– Х1ай 1овдал! Со цу кучана чохь хилча, со а ца хуьлу чувоьжна? – жоп делла

стага.

6. Цхьана дийнахь ч1ог1а мох баьлла. Т1аккха нах кхерабелла Деле до1анаш

дан, тобанаш дан буьйлабелла. Т1аккха цхьана стага мохь туьйхира:

– Х1ай нах! Сиха ма ло тоба дан, х1ара мох х1инцца д1а-

---

[2] – Вторник

бер бу шуна.

7. Цхьана стеган х1усамна улло лулахоша дуккха а латта доьхкина хиллера.

Т1аккха цу стага шен к1анте аьллера:

– Х1окху лулахоша боккха болх баьккхина суна, х1ара латта д1адаккха доккха г1о деза суна, ткъа соьгахь иза дац, айса х1ун дийр ду ца хаьа суна.

К1анта элира:

– Г1у яьккхина цу чу кхуьссур ду-кх.

8. Цхьана стага шен деман гали мехах д1адахьа стаг лаьцна хилла.

Д1ахьучу хенахь и стаг деман гали а эцна ведда. Т1аккха масех де даьлча цунна гина шен дама лачкъийнарг. Иза шена гича, цунах д1алечкъина иза.

Т1аккха цуьнга хаьттина:

– Хьо х1унда лечкъа цунах, и ма ву хьан дама лачкъийнарг?

Стага жоп делла:

– Цо шен балхана мах д1абехарна кхоьру со.

9. Цхьана стага шен ахча лаьттах д1адоьллина хилла стиглара мархана бухахь ахча д1адоьллина меттиган билгало марха а лоцуш.

10. Цхьана стега да велла хилла. Т1аккха цуьнга аьлла:

– Вало, хьайн дена марчо эца.

Стага аьлла:

– Со марчо эца вахча, кхуьнан докъан ламазе со т1аьхьависарна кхоьру со.

11. Цхьана дийнахь базарахь нахана цхьа стаг гира ведда воьдуш, цара цуьнга хьаьттира:

– Ахь мила лоьху?

Стага элира:

– Басар йина маж йолуш цхьа йо1-м ца яхара кхузахула д1а?

12. Цхьана стага аьлла:

– Ма хаза бу-кх бутт!

Цо и олуш хезначу стага элира:

– Дер бу-кх, къаьсттина буьйсана хазо бу иза.

13. Цхьана стагана бераша делла аьрзу [3] ловзош гинера. Цо иза цаьргара соьмах эца а эцна ц1а даьхьира. Ц1ахь цуьнан нанас хаьттира цуьнга:

– Делла аьрзу х1унда эцна ахь, х1ун дан воллу хьо цунах?

К1анта элира:

– Ахь х1ун дуьйцу? Х1ара дийна делахьара б1е соьмах эцалур дацара хьоьга.

---

[3] – Орёл

14. Цхьа стаг хьаж дан Макка ваха араваьлла хилла. Цуьнан 1одика еш цуьнан к1анта аьлла цуьнга:

– Дукха хье ма лолахь ц1а ца вог1уш. Хьайн ницкъ кхачахь г1урбан дийнахь ц1ахь хила хьажалахь г1урбан урс хьокхуш (4).

15. Цхьана стага аьлла:

– Шина куьйга т1е охьавоьжна ши куьг бехдина ас. Аса и шиъ эзарза дилча а, и шиъ ц1анлур ма дац, аса шозза диллалц.

16. Цхьана стага б1ар кагдича, б1аран чкъуьйриг кхоссаелла д1аяхна. Цо элира:

– Ла ила́х1а иллалло́х1, ма доккха х1ума ду-кх, х1ор х1ума 1ожаллех йоду-кх, чохь са доцург а.

17. К1ант веана хилла карахь котаман к1орни дохьуш:

– Хьовсийша кху к1орнига, шен ненах ма тера ду х1ара!

Цул т1аьхьа юха элира цо:

– Цуьнан нана сте ю те, я боьрша ю те?

18. Цхьана стеган нана д1аяьлла, цуьнга кадам беш гулбелла нах хилла.

---

[4] – Г1урбан дийнахь хьаж чекхдалаза хуьлу, г1урбан дийнахь хьаж деш верг Маккахь хила везаш ву.

Царна т1евеара цхьа стаг вела а воьлуш, самукъадаьлла. Наха цунах цецбевлла хаьттира цуьнга:

– Ахь х1ун леладо, хьан стенах самукъадаьлла?

Стага элира:

– Суна д1аваьлларг х1ара [5] ву аьлла хезнера, ткъа кхуза схьакхаьчча х1ара воцийла хиъча самукъаделира сан.

19. Цхьана стага аьлла:

– Тхан тхов т1ехь дахк бара тхуна новкъарло еш. Цхьана стага молха дийцира соьга цунна дуьхьал. Аса и молх тесначул т1аьхьа дехкан «къурд» хезна дац тхо, – элира цо, «г1овг1а» ала воьлла.

20. Цхьамма аьллера:

– Селхана х1аваъ шийла дара вайна, делахь а суна-м хаа ца делира иза.

21. Цхьа стаг хилла Багдади [6] веана, т1аккха ц1ахь волчу шен дега кехат яздинера цо ша дика д1акхаьчна аьлла. Т1аккха и кехат ше дега д1акхачо цхьа кара ца вина, и кехат эцна ша шен да волче веана цо цуьнга элира:

– Соьгара хьуна хабар д1акхачо цхьа кара ца вира суна, ткъа сайгара хабар хьуна хье ца далийта, айса схьадеана ас

---

[5] – Еллачу зудчуьнан к1ант

[6] – Иракера г1ала

хьуна айса хьоьга яздина кехат, – аьлла, шен дега ша яздина кехат д1аделира цо.

22. Вовше дов даьлла цхьана шина стеган. Т1аккха и шиъ къедана т1евахна шаьшшинах бакъ-харц верг къаставайта. Къедас цушинна юкъахь дерг шега къаста ца делча, шинне а туьйхира, т1аккха элира:

– Далла бу хастам, шуьшиннех зуламе верг соьх ца валийтарна.

23. Цхьа стаг базарахь шен к1антаца шайна езачу х1уманна т1енисвелча, йохкархочуьнга мах хаьттина. Цо жоп делла:

– Цхьаннах цхьа сом доккху, – аьлла.

Цу стага аьлла:

– Х1ан-х1а! Из дукха ду.

– Аса цу мехах юхкуш ю иза.

– Ас кхаъ соьмех шиъ оьцур ю хьоьгара.

– Дика ду, д1аэца.

Т1аккха цу стага ше к1анте элира:

– Х1ай, к1ант! Д1алол цунна кхо сом, иштта йораг1о ю иза вайшинна.

24. Цхьана куьйгалхочо шен к1ант 1едалан коьрте х1оттийнера цхьана г1алахь.

Цхьана дийнахь цуьнга шен дегара кехат деанера, т1аккха кехат шегахь долуш иза нахе вистхилира:

– Х1ара кехат вай куьйгалхочуьнгара ду, иза валла́х1и вай шена муьт1ахь хила хьакъ долуш ву, иза сан да а ву, иза сол воккха а ву.

25. Цхьана куьйгалхочо шен к1ант 1едалан балх х1оттийнера. Цо дуьйцу:

– Буьйсана цхьана боккхачу балхана бен стаг ца вог1учу хенахь, сан дас стаг ваийтира соьга ша волче кхойкхуш. «Паччахьера кехат деана хир ду-кх, со хила везаш волчу цхьана г1уллакхех лаьцна,» – аьлла дагадеара суна.

Сайна т1е х1уманаш йоьхна, говра хиъна сайн да волчу х1усаме вахара со.

Со д1акхаьчча, сайн ден г1оьнчашка хаьттира аса:

– Паччахьера кехат-м ца деъна?

– Ца деъна, – элира цара.

Со сайн да волчу д1акхаьчча чувола элира цо соьга. Чувахча, суна сайн да меттахь вижина 1уьллуш карийра. Цо элира:

– Х1ай, сан к1ант, кху ерриг буьйсана цхьана х1уманан ойла еш кху сахьте ваьлла со.

– Дала 1алаш войла хьо, х1ун х1ума ду иза? – хаьттира аса.

– Аса сатеснера Дала соьх хьурул-1ийн [7] йина, ялсамани чохь со Юсуф Пайхамаран (1алайхи сала́м) х1усамнана хилийтар, цуьнан ойла еш кху сахьте ваьлла со.

[7] – Ялсмани чохь божаршна хин болу зударий

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.